- Гъэльэгъэныгъэр инщ икІи дахэщ, - кьыпещэ Лианэ и псальэхэм Колесовэ Риммэ. - Пэжым ухуеймэ, апхуэдэу дэгъуэу кьызэрагъэпэщыну апхуэдиз зыхэлъ ящІ ящІ ящІ зыщІ ящІ ящІ кьрахьэну ди гугъаныи. Псом хуэмыдэу телыдджэ дыдэ сщыхьуащ адыгэ бзылъхугъэ фащэхэр, бгъэІулъхэр, нэгъуэщІ зэрызагъэщІэращІэ хьэпшыпхэр. Абы тепъуэ щыІэхэр зэрыщыІэ и пІащІэгъыр, я зэІущІкІэ хьэлэмэтыр сыт и щхьэ!

Гъэльэгъу эныгъэр кьаззэрыщыхьуар кьызэрагуаГэ апхуэдэ псалъэ куэд щыІуащ а махуэм Къуэкіыпіэ гъуэзджэмкІэ музейм и пэщэхэм, а гъэльэгъэныгъэр Москва зэрыщекІуэкІа махуэхэр нэхьыбамэ, цыхуэ куэдым ялъагъунуи гукъыдэнэж ящыхьуныи зэрыщытам.

Пресс-конференцым щІэсахэр.

Пасэрей адыгэ фащэхэми пІланэпэ щхьэху эхэр яубыдыр.

нэхъ быдэжу зэрепх

Зи пщІэр лъахъшэ мыхъу лъапІэныгъэ

Къуэкіыпіэ гъуазджэмкІэ къэрал музейм гъэлъэгъуэныгъэр щаубла махуэ дыдэм, жэпуэгъуэм и 5-м, Кремлым хэт Къэрал Урдэунэм пшыхь дахэкІэ къышыээІуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей Республикэхэм я щэнхабзэ махуэхэр.

АЛЕКСАНДРОВСКЮ жыг хадэмрэ Манежымрэ я зэхуакум хуэзэ Кремль дыхьэпІэм деж къышыдэхуэсат москвадэс, кьалащхьэм и хьэщІэ, абы щыпсэу адыгэ куэд. Ахэр ягъэлъапІэ махуэшхуэмкІэ зэхьуэхьуэхэр, куэд льандэрэ зэрымыльэгъуахэр щыэІущІэжкІэ зэрыеэзщыгуфыкІым хуэдэу зэхуэгупэ т, концертым щалъагъуну артистхэм нэхъуеинШэу пэпльэхэр т, фэеплъ сурэтхэр зытрагъэхырт.

Кремлым хэт Къэрал У ардэунэм и пэщышхуэм и зыкъэгъэльэгъуапІэ утыкур дахэу гъэщІэрэщІат, гуфІэгъуэ зэхьыхьэр кьыззэхуэсахэм я дежкІэ зэрыльапІэр зыхэпщІэр т. Концертым щІымыдзэ щыкІэ, «Дыщэхъурыфэ» зыфІаща гъэльэгъуэныгъэмкІэ пэІущІэ залышхуэм щыззэхэтхэм я пащхьэ кьихьащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ модельер ныбжьыщІэхэр.

ИтІанэ, концертым щІымыдзэ щыкІэ, къэпсэльапІэм кьихьащ УФ-м и Правит ельствэм и Унафэщ **Зубков Виктор**

- Фи пщыхьэщхьэ фІыуэ, ныбжьэгъу льапІэхэ! Ди кьуэш республикэхэу Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим я лІыкІуэу Москва кьыщыззэхуэса псомкІи фІэхъус гуапэ фызох! - жиІащ Премьерым. - ЛІэщІыгъуиплІрэ ныкъуэрэ хъуауэ а щІыналъэхэм щыпсэу лъэпкъхэр Урысейм и адрей цІыхухэм якьуэту мэпсэу, мэлажьэ. Араш псомкІи ди зэхуэдэ къэралыгъэшхуэм и кьалащхьэ Москва деж нобэ хуэдэ махуэ дахэр щыдгъэлъэпІэныр кьызыхэкІар. Зэманми къигъэлъэгъуащ щхьэхуитыныгъэм щІэкъуэ псэу бгырыс лъэпкъхэм я гъащІэр Урысеим ирапхьныр геополитикэ еплЫкІыкІи и мызакьуэу, лъэныкъуэ псомкІи пэжу кьызэрыщІэкІар. Илъэс 450-рэ и пэкІэ зэращІылІа зэгурыІуэныгъэм къэралыгъуэм и гъунапкъэхэр нэхъ быдэ икІи лъэщ ищІащ, абы щыпсэу лъэпкъхэм мамырыгъэрэ зэпІэзэрытыныгъэрэ кьахуихьащ. Ауэ абы и закъуэкъым а Іуэхум фІыуэ кьрикІуар. Сэ зи гугъу сщІыр зи пщІэр зэи лъахъщэ мыхьу лъапІэныгъэхэу зэныбжьэгъуныгъэмрэ пэжыгъэмрэ, лъэпкъ хабзэхэмрэ щэнхабзэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэрщ.

Махуэшхуэр зей зэкъуэш республикищри дахэщ, кьыззэрымыкІыщ, дэтхэнэми иІэжщ адрейхэм кьызэрыхэщ щІыуэпс хъугъуэфыгъуэрэ псэкупсэ беягърэ, ауэ абы кьыдэкІуэу ахэр зэхуэдэщ, Урысейкі зэджэ кьэралыгъуэм кьыгуэхыпІэ зимыІэ и Іыхьэу щытщІ. Абы кьыхэкІІэ сыныВохьуэхьу зэгъусэу кьыззэдэткІуа тхыдэ гъуэгуанэр илъэс 450-рэ зэрырикъмкІэ. Си гуапэщ фІым я фІыжьым фи Іуэху ириКІуэну!

Адэкіэ утыкум кьрагъэблагъащ АР-м, КъБР-м, КъШР-м я президентхэр **Тхьэкіушнэ Асльэнджерий, Къанокъуэ Арсен, Батдыев Мустэфа** сымэ.

; Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и унафэщІэхэм, абы щыпсэу цІыхубзэм кьабгьэдэкІ фІэхъуСКІэ зэрызыфхуэзгъаэзэм гупсэхуэгъуэ ин кьызет, - жиІащ Къанокъуэ Арсен. - Куэд щІащ мыпхуэдэу Іэтауэ, льэныкъуэ куэд кьызэщІиубыдэу ди республикэм Москва зэрызыкьыщимыгъэльэгъуэрэ. Абы кьыхэкІкІэ зэхэдубла Щэнхабзэ махуэхэр ди дежкІэ щІыхь зыпыпІ икІи ину ди гуапэ Іуэхугъуэщ. ЛІэщІыгъуиплІрэ ныкъуэкІэ уэзІэбэкІыжмэ, 1557 гъэм, ди льэпкъхэр езыхэм я фІэфІыныгъэкІэ Урысейм хьыхьауэ щытащ. А зэманым къриубыдэу блэкІам ущрилпльэжкІэ, дяпэ итахэм я Іущагъымрэ жьыжьэу зэрыпльамрэ хуэфащэ пщІэ хуумышІынкІэ Іэмал иІэкъым. Дызэкъуэту кьэткІуа илъэсищэ бжыгъэхэм зэІыхьлы дыдэм хуэдэу дызэхуащІащ, урысей льэпкъ дащІащ. Дэ зы къэралщ диІэр, зыщ ди Хэкур! Урыс тхакІуэщхуэ Тургенев Иван хамэ къэралхэм щыщыІа лъэхъэнэм эритхауэ щытэм хуэдэу, дэ кьыдгуроІуэ «Урысейр дэрынщэу зэрыщыІэнур, ауэ дэ тщыщу зыри арынщэу зэрымыпсэуфынур», абы кьыхэкІкІэ ди кьэкІуэ энур Урысеим дых эмыту зы дакьикьи ди нэгу кьыщІэдгъэхьэркьым.

И псалъэхэм и кІэухыу зэкъуэш республикэхэм я щэнхабзэ махуэхэр Москва Іэтауэ зэрыщекІуэкІымкІэ Къанокъуэ Арсен фІыщІэ хуищІащ УФ-м и Президент Путин Владимир, УФ-м и Правительствэм и Унафэщ Зубков Виктор, Козак Дмитрий сымэ, Москва кьалэм и мэриемрэ правительствэмрэ я унафэщхэм.

«ИгъащІэкІэ Урысейм дригъуэсщ» махуэшхуэ концертым и программэр Іыхьищу гуэшат, икІи республикищым щыщ артистхэм ящІэщІыгъуу утыкум ящэ кьихьащ Пятницкэм и цІэр зезыхьэ къэрал академическэ урыс хорыр.

Налшык дэт Музыкэ театрым и солист, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист Батыр Мухьэдин зыхэт уэрэджыІакІуэ гупым «Си льаХэ» кантатэр ягъэзэщІащ. Абы хэм я фоныр ягъэдахэу, макьамэм декІуу утыкум щызэблокІ адыгэ, урыс фащэхэр зыщІгъ къэфакІуэхэр.

Утыкум и щыбагъ блыныр дахэу гъэзщІэрэщІат: Кавказ къушхэм я сурэтым и щыІуэІэ Урысей къэрал ныпыр зэрызэхэль плъыфищымкІэ къэщІыкъым тетщ махуэшхуэр зыгъэльапІэ республикищым я гербхэмрэ ныпхэмрэ. Ахэр мэхьей, захъуэж, пшэ хужь щыкІуэхэр щызекІуэ уафэ кьащхъуэ мэхьури, Налшык и уэрамхэм дыкьидохутэ: утыкум итыр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ дэжьакІуэхэрщ.

Ди республикэм и концерт программэр езыгъэжІуэкІа **Гурэ Маринэ** (Щэнхабзэмкі Профсоюзхэм я унэу Налшык дэтым и режиссерщ) утыкум кьрегъэблагъэ КъБР-мрэ КъШР-мрэ щыхь зиІэ я артистхэ **Шэрджэс Іэсиятрэ** (Марие и ариер) КъБР-м щыхь зиІэ и артист **Батыр Мухьэдинрэ** (Иван IV и ариер)..Дирижер Темыркан Петр зи унафэщ оркестрым дэщІыгъуу абыхэм ягъэзэщІащ Бизе Жорж и «Иван IV» оперэм щыщ пычыгъуэ. Мыбдежым кьыхэзэщыпхъэщ, дуней псом кьыщацІыху классик макьамэхэтым адыгэхэр кьызыхэщыж и Іэдакъэщэкіыр ялэу утыку кьызэрыахьар. Абыхэм Іэгуауэ хуаІэтам ельытауэ жыпІэмэ, премьерэр кьызэхуэсахэм ягу ирихьащ. Зи макъ льэщхэр ди республикэм и мызакьуэу, щыпІэ куэдым кьыщацІыхьу ди артист гъуэзэджэхэр, зэи дыдэу, хьарзынэу пэльэщащ а лэжьыгъэм.

Апхуэдэу Іэгуауэшхуэкіэ утыкум кьрашащ УФ-м щІыхь зиІэ, КъБР-м, КъШР-м, АР-м я щІыхь убэ артист, КъБР-м щэнхабзэмрэ я министр **Тут Заур**. Абы итъэзэщІащ нарт Бэдынокъуэ теухуа уэрэджыжьыр.

Уэрэдым и ужькІэ утыкур кьафэм хуит хуащІащ: КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Атэбий Игорь** зи унафэщІ «Кабардинка» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым «Пасэрей уэрэд кьафэр» игъэзэщІащ. Солист тхэр **Нэгъуей Ренатэрэ Бацэ Аскэрбийрэ т**. Абыхэм я къэфэкІэр нэхъ игъэдахэрт артистхэр ГъунэгъуУ уэзыгъэльагъу экранышхуэм: теплъэхэр зэбле хъури, Іуащхьэмахуэ кьыгредзэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щыпІэ дахэхэр кьегъэльагъуэ.

Налшык и уэрамхэм удэт кьыпщигъэ хьуу, видеороликым зехьуэжри, утыкум кьохьэ КъШР-м и цІыхубэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Газаев Алим**, «Балкарие» къэфакІуэ гупыр (унафэщІыр **Энеев Магомедщ**). Урысей эстрадэм и артист цІэрыІуэ, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Билан Димэ** Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщыщыр зымыщІэ куэд концертым кърихьэлІауэ арагъэнт; ар махуэшхуэ программэм хэтыну зи мыгугъахэр хуабжьу зэрыщыгуфыкІар къагъэлъагъуэу Іэгуауэшхуэкіэ утыкум кърагъэблагъащ. КъБР-м щІыхь зиІэ и артист **Хьэжырокъуэ Сультан** жиІа «Къэбэрдей-Балъкъэр» уэрэдымкІэ программэр зэхуащІыжри, чэзыр Адыгей Республикэм и артистхэм льагъэсащ.

Абыхэм я концертыр кьызэрызэІуахар «Майкопчанка» къэфакІуэ сабий ансаблым (унафэщІыр **Къул Іэмырбийщ**) игъэзэщІа «Амазонкэхэм я зекІуэ» зыфІаща къафэмкІэщ. Псалъэм кьыдэкІуэу кьыхэгъэздщынщи, а къафэм щІэта макъамэр «Бжьэдыгъу ислъэмейм» ДыщэкІ Соэзр (США) кьытрищІыкІыжа аранжировкэ щІэрыІуэращ.

Адэкіэ утыкур хуит хуащІащ цІыхубэ уэрэдэхэмкІэ Адыгеим и «Ислъэмей» къэрал ансамблым, УФ-м, АР-м, КъБР-м гъуазджэмкІэ щІыхь зиІэ я лэжьакІуэ, УФ-м, АР-м я цІыхубэ артист **Нэхей Аслъэн** зи унафэщІыр. Уэрэджыкіаду эрэ къэфакІуэу зэхэт гупым игъэзэщІащ «Сабиигъуэ жьыжьэм и пшыналъэхэр» (зытхар Нэхей Аслъэнщ).

Лъэпкъ къафэхэмкІэ Адыгей Республикэм и «Налмэс» къэрал академическэ къэфакІуэ гупым (унафэщІыр УФ-м щІыхь зиІэ и артист **Къул Мухьэмэдщ**) утыку кьрихьащ адыгэ лакъуэ пщыкІутІым я къафэ лІэужьыгъуэхэмкІэ ягъэува тепльэгъуэ дахэр. Абыхэм хуаІэта Іэгуауэшхуэмкіэ Адыгеим кьыдІыс программэ Іыхьэр зэхуащІыжащ.

Адэкіэ утыкум кьихьащ Къэрэшей-Шэрджэсым щыщ артистхэр. Ятэ «псалъэр» зрата «Алан» Іуэрыіуатэ-этнографие ансамблым (унафэщІыр КъШР-м и цІыхубэ артист **Турклиев Борисщ**) къэрэшей уэрэдэхэмкІэ ззэхэгъэува попурри жиІащ. Концертым кьрихьэлІахэр ягъэгуфІащ «Алтын-шаш» сабий къэфакІуэ-уэрэджьыІакІуэ гупым хэт цІыкІухэм. КъШР-м и Адыгэ-Хьэблэ районым хьыхьэ Икон-Хьэлькъ нэгъуей кьуажэм Щэнхабзэмкі дэт унэм зыщызыгъасэ ныбжьыщІэхэм москвадэсхэмрэ пшыхьым кьрихьэлІа хьэщІэхэмрэ кьыдахьэхат. Абыхэм жаІащ «Си Нэгъуей» уэрэдыр икІи макьамэ декІуу дахэу кьэфащ.

Спорт къэфэкІэхэмкІэ дунейпсо чемпион **ЕвгъэмыкІуэ Уэлийрэ** абы и къуэ, иджырей къафэхэмкІэ США-м плІэнейрэ и чемпион хьуа **Аэзмэтрэ** «хъуаскІэ кьызыпиІэльэ» испан къафэ ягъэззэщІащ.

«КъШР-м щІыхь зиІэ и артист» щІэ льапІэр зыхуагъэфэща уэрэджыІакІуэ нэхъ щІалэ дыдэхэм ящыщщ Хьэбэз къуажэм кьыдэкІа пщащэ дахэ **Мамхэгъ Иннэ**. Махуэшхуэ концертым абы щыжиІащ «ФІэхъус» уэрэдыр.

Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Адыгей Республикэхэм я щэнхабзэ махуэхэр Москва кьыззэрыщыІзэІуах концертышхуэм и кІэухым Кулиев Къайсин и «Мир и радость вам, живущие» уэсэм къеджащ концертыр кьызэрыгъэкІуэкІахэр, уэрэджыІакІуэ гупхэр зэгъусэу утыку кьихьэкри Іут Заур игъэззэщІа «Ты позови меня, Россия» уэрэдым дежьуащ.

ЖэщІыр хэкІуэтауэ махуэшхуэ концертыр ихьами, ар щекІуэкІа щІыпІэм пэмыжьыжьэ Манеж утым Москва дэс адыгэ щІалэгъуалэм джэгушхуэр щызэхашат. Пшынауэ я мамыгъуэсми, макьамэ зэрагъэІун гуэр ямыІыгъми, я гур хэхьуэу ахэр Іэгуауэ макьымрэ ежьумрэ зэрыгъэгушхуэжу кьыдэфэрт. Икіи сэ шэч кьытесхьэркьым, дяпэ илъэс 50 дэкІа нэхъ, адыгэхэмрэ урысхэмрэ дамэгъуу зэрызэхуэхъуэрэ илъэс 500 щрикъур щагъэльапІэкІэ екІуэкІну Іуэхух эр дахэу зэфІэзэыхынухэм а ныбжьыщІэхэр зэрахэтынум.

Налшык - Москва - Налшык.

Сэмэгумкіэ кьыщыщІэдзауэ: **Кьанокъуэ Арсен, Кьандур Мухьэдин, Ярин Андрей, Кьэжэр Альберт сымэ концертым щІэсу.**

Льэпкъ уэрэдхэмрэ къафэмкІэ «Ислъэмей» къэрал ансамблыр (Адыгей).

«Алтын-Шаш» сабий къэфакІуэ гупыр (КъШР).

КъШР-м щІыхь зиІэ и артисткэ ныбжьыщІэ Мамхэгъ Иннэ.

Джэнуез сатуущІэ - адыгэ пхъурылъху

● Тхьдэ лъагъуэхэмкІэ

ЕПЩЫКІУЩАНЭ лІэщІыгъуэм щыщІэдзауэ, сату щащІын папщІэ, тенджыз ФІыщІэм и Іуфэр хэщІапІэ яхуэхъуауэ щытащ Италием - Генуем, Венецием кьикІ сонджэрхэм. Джэнуез (Генуя) сатуущІэхэм я Іэмышщ Іэ ихуащ Кафэ, Солдайе (Судак), Чембало (Балаклаве), Боспоро (Керчь) кьалэхэр. Хы тІуалэм кьызэрыкІри, джэнуезхэм сату щащІ хъуащ Матрегэ (Тамань), Копэ (Копарио), Мапэ (Анапэ), Батэ (Суджыкъу-Кьалэ), нэгъуэщІ щыпІэхэмк. Тэн (иджы АзовкІэ зэджа кьалэм) дэтащ, джэнуезхэм нэмыщІ. Венецием кьикІ сондэджэрхэми я тыкуэнхэр. Абыхэм сату зыдащІ кьалэхэм, псалъэм папщІэ, Кафэ, льэпкъ куэд дэсащ - грекхэр, ермэлыхэр, тэтэрхэр, урысхэр, полякхэр, адыгэхэр; адыгэ куэд дэсащ Копэ, Матрегэ, Мапэ кьалэхэмк.

ЕпщыкІутхуанэ лІэщІыгъуэм икухэм щыщІэдзауэ, Матрегэ (Тамань) кьалэр зи Іэмышщ Іэ ильар Гизольфи Захариекіэ ззджэ щыщ, сатуущІэ цІэрыІуэрщ (урысхэр кьызэджаекІэ, Гуйгурсис Захарье). Де Гизольфи и адэр, Винченцё, джэнуезт, и анэр, Бичэ - хьанымкІэ ззджэр, адыгэпщІ Бэрзокъуэ ипхъут, нэгъуэщІу жыпІэмэ, джэнуез сатуущІэ цІэрыІуэр адыгэ ныкъуэт.

Зэрыадыгэ пхъурылъхум и хьэтыркІэ Гизольфи Матрегэ (Тамань) кьалэм пщІэшхуэ щиІащ, а кьалэм и унафэр абырэ адыгэпщымрэ яІэщІэлъащ.

Кафэрэр Матрегэрэ 1475 гъэм тыркуэхэм яубыдащ. Ахэр зэрэаубыда щыкІэм ягъэзэгъуазэ хуэбгьр куэд кьыщыззтенащ тырку архивым. Абыхэм кьызэрыхэщымкІэ, зэуакІуэ кьежьэн мурад щищІым, сультІан Мехмед ЕтІуанэм кхъухь щищым нэблагъэ зэщІиуэздащ. ХыдзэпІэхэм нэмыщІ, зэуакІуэ кьежьащ лъэсырыкІуэ дзэшхуэ. Милан архивым щахьымэ тхьлъ гуэр щыхьэт тохъуэ Кафэ кьебгъэрыкІуа тыркудзэм кьрым тэтэрхэри зэрыхэтам.

Кафэ кьалэр а зэманым кьарушхуэ зыбгъэдалъ быдапІэт, тыншу кьыпхуэмышщтэну: тыркухэм ар щаубыдыфар махуитхукІэ ебгъэрыкІуа нэужьщ - 1475 гъэм мэкъуаущІуэ маазэм и 7-м. Кьалэр яубыда нэужь, абы дасхэм я нэхъыбэр тырку гъэрыпІэм ихуащ. Джэнуез архивым кьыщыІэтна тхыгъэм зэрыжиІэмкІэ, «а маазэм (мэкъуаущІуэм) яубыдащ валаххэр, полякхэр, урысхэр, куржьхэр, зихэр, латинхэм нэмыщІ адрей чыристанхэр псори; абыхэм я щыгъынхэр кьыщатхъащ, гъэр ящІри куэд ящащ, Іэхъуапсэхуэмэ зэщІаІуІащ». Кафэ адыгэ, урыс сатуущІэ куэд екІуалІэу щытауэ кьыхуэ пасэрей тхыгъэхэм, апхуэдэхэм ящыщ зым дыкъыщоджэ: «ТІуалэ адрыщІым кьалэ дэгъуэ итщ, абы сатуущІэ куэд кьокІуалІэ, губгъуэхэми бгыхэми кьокІри; кьалэм щыгъунэжщ шэрджэс, урыс сатуущІэхэр». НэгъуэщІу жьпІэ-мэ, Кафэ дэса адыгэхэм я нэгу щІэкІащ тырку зэрыпхъуакІуэхэм зэрахьа лейр.

1475 гъэм и гъэмахуэм уэсмэнхэм Дон лъэныкъуэмкІэ яуэзтІащ, Танэ, Матрегэ, Копэ кьалэхэр яубыдащ. А зауэм хэкІуэдащ Копэ зи Іэмышщ Іэ илъа адыгэпщыр. Шэрджэсым и гъунапкъэхэм кьыфІэкІыпн иракуакъым уэсмэнхэм абы щыгъуэ; уэсмэн сультІаныи и Іэмышщ ихуащ Кьрымым и илъэр щІынальэр, Азов тенджызым и Іуфэр. Тыркуэхэм Кафэ зыщагъэбыдащ, абы дагъэтІысхьащ сультІаныи и нэІиныр.

Тыркуэхэм Матрегэ яубыда нэужь, Гизольфи Захариие Генуе кІуэсэн мурад ищІащ, ауэ молдав дзэпщ Стефан Іэрыхьэри, абы кьриГъэгъэзэжащ. 1482 гъэм Захарие Генуем ахъшэ щхьэкІэ елъэІуащ, и Іуэхуэгэ зэтригъэувэжкьым мурад иІэти. Гизольфи зыщІэлъэІуа ящэщэр Генуем кьритакъым. Ар кьыщымыхъуІэм, урыс сатуущІэхэр кьигъэсэбэпри, Захарие мэзкуу пщышхуэ ИванЕщанэм тхылъ хуигъэхьащ, урысхэм я Іэмышщ Іэ зрилъхьэн мурад зэриІэмкІэ хъыбар иригъащІэу. Урыс пщышхуэм Гизольфи Мэзкуу иригъэбгъащ, ауэ Захарие езым и пІэкІэ и лІыкІуэ игъэкІуащ. ЛІыкІуэм ихьа тхылъым Гизольфи кьыщиІуэтащ ар зыхэт бэлыхьхэр, урыс-хэм къулыкъу яхуищІэну зэригуапэмкІи пщышхуэм аргуэру хьыбар иригъэщІащ.

Мэзкуу пщышхуэм Кьрымым щыІэ урыс лІыкІуэм кьалэн щищІащ Гизольфи сыт и лъэныкъуэкІи дэІэпыкъун хуейуэ, - апхуэдэ мурад иІэр пэжмэ. «Менглы-Джэрий (кьрым хьаным) елъэІуи, абы и цІыхУ Шэрджэсым ирегъакІуэ: шэрджэсхэр гъуэгум щыгъуаззщ, ахэр кьыдэІэпыкъуфынущ Захарие», - хуитхащ ИванЕщанэм и лІыкІуэм. Урыс лІыкІуэм и хьэтыр кьиІьэгъуагъэнукъым кьрым хьаным, абы кьыхэкІкІэ езы пщышхуэм и лІыкІуэ Шэрджэсым, Захарие деж, 1489 гъэм бжьыхьэпэ мазэм игъэкІуащ. ЛІыкІуэм жриІащ абы и мурадымкІэ зэрыакъылэгъур, уебламэ гъусэ хуэхъун цІыху зэрыпригъэжьнур. ЛІыкІуэм и пщэ далъхар кьехъулІакъым - Захарие дэІэпыкъуфакъым: шэч хэмылъу, Іуэхум кьыхэІэбащ уэсмэн сультІанэр, абы фІэлІыкІри, кьрым хьаныр ИванЕщанэм и лІыкІуэм кьыдэІэпыкъуакъым, аращ Захарие гъэзгу щІытемыхьэфар. 1491 гъэм и ужькІэ Гизольфи Захарие Урысейм кІуэн мурадым лыкІащ, сыт хуэдэ щхьэусыгъуэм кьыхэкІами.

Гизольфи Захарие кьыщригъэблагъэм, урыс пщышхуэ ИванЕщанэм фІыуэ кьыгурыІуэрт абы Кьрымми, Шэрджэсми, нэгъуэщІ кьэралхэми пщІэшхуэ зэрыщІэр. Тэманыпщ кьудейуэхъым ар, адыгэ пхъурылъхур, ИванЕщанэм и тхыгъэхэм кьызэрыхэщыр, урыс пщышхуэр абы «шэрджэскІи» («черкасин», «черкашин») йоджэ. Адыгэхэмрэ урысхэмрэ благъэ зэхуэхъунымкІэ Гизольфи Захарие куэд зэрыхуэзэІэкІынум щэн кьытрихьэртэкъым ИванЕщанэм. Нэхъ белджылыуэ жыпІэмэ, джэнуез сатуущІэр, адыгэ пхъурылъхур, урыс-шэрджэс зэпыщІэнгъэхэр гъэбгъданым хуэлэжьа цІыху губзыгъэхэм ящыщу тлъытэ хъунущ.

НЫБЭЖЬ Къазбэч,
КъБР-м и Къэрал архивым и ІэщІагъэлІ нэхъыжь.

«Кабардинка» Къэрал академическэ къэфакІуэ гупым и фІэхъус.
Суэрэтхэр **ЕЛЬКЪАН Артур** *трихащ.*

Урыс лІыкІуэхэр Къэбэрдейм къоблагъэ.
Суэрэтыр **ГУСАЧЕНКЪ Николай** *ищІащ.*

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Куэд къэзыІуатэ

Жэпуэгъуэм и 11-м «Эльбрус» кино театрым Урысейм щыяпэу щагъэлъэгъуагъ режиссер цІэрыІуэ Сокъур Александр и «Александра» фильмыр. Кьыщэхуэсахэм лэжьыгъэщІэр ирагъэ льагъуи и пэ кьихуэу, мы Іуэхур зи жэрдэм Сэралъп Альберт утыкум кьришагъ Сокъур Александрэ КъБР-м ПСанхабзэмкІэ и фондым и унафэщІ Вэрокъуэ Владимирр.

- НОБЭ УРЫСЕЙМ ЩЫЯПЭУ «Александра» фильмыр ди дежь зэрыщагъэльэгъуэмкІэ Александр фЫщІэ хуэсщыну сыхуейщ, - жиІащ Вэрокъуэм. - Апхуэдэпщ Іэ кьыщэрытхуэпщІам щхьэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу дэтхэнэ зыми кьыбгъэдэкІыу упсэу бжызоІэ, Александр, - зыхуигъэзащ абы Іуагъэ режиссерым.

- Ди къэралым и щыпІэ зэхуэсымрэ фильмыр гъэльэгъуэн щыщІадэзэнур щэкІуэгъуэм и 22-рэ, - жиІащ псалъэ зрата Сокъурым. - Дэ кьыдэрытлытамкІэ, захуагъэ дыдэ фильмыщІэр япэ дыдэ Налшык щыдгъэльэгъуэнкІ. Абы щхьэусыгъуэ хуэдэ иІэщ, нэхьыщхьэ дыдэр мы быдэ щыпсэу у цыхуэхэм псэкІэ саэзэрыпэгъэнэгъурэ, абыхэм си лэжьыгъэхэр гукІэ зэрыдыхащІэрщ. Сэ сощІэж мыбы и пэкІэ Налшык щыдгъэльэгъуэ си фильмхэм ффІэгъэщІэгъуэну, набдзэгубзапльэу фызэрепльэр. Ар сэ зэи сщыгъупщэну кьым икІи си гум ислъхьащ си лэжьыгъэ псори япэ у Налшык щызгъэльэгъуэну.

Езы фильмым тІэкІу сытепсэльыхьынут. КьыдзэрыгуэкІ Іуэхугъуэщ абы лъабжьэ хуэхъуар. Зауэ Іэнатіэм кьулыкъу щызыщІэ пхъурылъхэм дежь кьоКІуэ и анэшхуэр. Фызыжьым и ролыр зыгъэзащІэр оперэр уэрэджэлакІуэ цІэрыІуэ, актрисэ гъуэзджэ Вишневская Галинэщ. Абы нэмыщІкІэ фильмым х этщ Санкт-Петербург щыщ актер нЫбжьыщІэхэр, Щэшэн Республикэм и театр труппэ зэхуэмыдэхэм я артистхэр, дзэм кьулыкъу щызыщІэ щІалэхэр.

Пэж дыдэу фильмыр псори щытетхар Щэшэн Республикэрщ. Ауэ абы политикэ Іуэхуи хэплькьым, зауэ нэужь лъхъэжьэ кьышыгъэ лъэгъуэ щхьэкІэ, зыт ецухуар а щынальэм щеКІуэкІа гуэзэгъэркъым. Щэшэн псалъэ гуэрхэр кьыхьхьэми, фильмымкІэ къэдгъэльэгъуэну дызы-

● Щэнхабзэ

хуеяр сыт хуэдэ зауэми кьишэ гуэзвэрэгъуэрщ. Кьалэн нэхьыщхьэу дэ зыхуэдгъэувыжар зи гъащІэ Іыхьэр и кІэм нэблагъэ цІыхум гущІэгъу хуэщІын гупсысэм нобэрей ди щІалэгъуалэр кьыхуэгъэгъэушынырщи, кьыдэхъулІамэ, си гуапэщ.

Зауэр еух, ауэ нэхъ гугъу дыдэр кьыкІэлыкІуэрщ. Гуэзвэгъуэм ебыла цІыхуэр зэгурыІуэн, абыхэм Іуэхугъуэ куэд зыхуаІэгъэгъэн, я псэм щыщІэмкІэ зэдзэгуэшэн хуейщ. Фильмым фыщеплькІэ актерхэм я макъым гъэхуауэ фыщІэдэІуну, я нэгум набдзэгуб дзапльэу фипльэну сых уейт, - жиІэ режиссерым.

ЗэуапІэм Іут и пхъурылъхум деж кьэкІуа анэшхуэм, мафІэгум кьыщикІа дакьикъэм деж щегъэжьауэ, куэд дыдэ зэрыэригъэзахуэр, псори зэрызыпитылытыр и нэгум кьыбоддыкІ. Щыхум и нэгум кьишыр (кьэхьум елытауэ) гьунэгъуу кьыззэригъэльэгъуа щыкІэр Сокъурым кьигъэсэбэпа Іэмальфіщ: зы лэдэхи кьанэркъым умылъагъуу, я щхьэм щызеуэ гупсысэ псори, тхьылымпІэ хужьым тетхам хуэдэу, артистхэм я нэгум кьыбоддыкІыбф.

Режиссерым и Александрэр псори зыфІэгъэщІэгъуэн, и пхъурылъхур зыхэт Іуэхуэхэр, ар зыщІыгъуэм я дунейр кьаІэ щІымыІэу зэпэкІрихмэ зыфІэфІ цІыхуу.

Зэман пыухыкІа фІэкІа щымыІэну и щІалэм деж зэрыкІуэр ещІэ зи ныбжь хэкІуэта анэшхуэми, дэтхэнэ зи дакьикъэрі фым хуиГъэлэжьэну яужь итщ. Абы частым и зыщыпІи кьимыГанэзу кьызэхеІухь, сэлэтхэм я щыІэкІэ-псэукІэр, я гупсысэр зрегъащІэ. Щынэркъым. Зыщыщынэн хуеІ псори кьызэриненкІащ зи ныбжьыр хэкІуэта бзылъхугъэм.

Мы фильмым уеплъа нужь, кьыпкырохьэ Сокъурым жыІуІа «зи гъащІэ Іыхьэр и кІэм нэблагъэ цІыхум гущІэгъу хуэщІын хуейщ» гупсысэр.

Фильмым кьыщыІуэта псори, макъамэ гъуэзэджэу абы щІагъэувэаэри, псалъэншІу кьэгъэльэгъуа хьуа Іуэхугъуэхэри тельыджэу кьызэщІикъуэжащ зи унэм кІуэжьину гъуэгу техьэжа нанэ-щхьэзакьуэм и нэгум кьищ зэщыгъуэ хьэлъэм.

ИСТЕПАН Залинэ.

● Дэ къытхуатх

Зым Іэпыхур адрейм къещтэж

Сабий ныкъуэдыкъуэхэр щапІу Налшык къалэм дэт унэм и лэжьакІуэ емызэщыжхэмрэ абы щрагъэкІуэкІ Іуэхугъуэ щхьэпэхэмрэт мы си тхыгъэ кІэщІыр зытезухуэну сызыхуейр. Псом хуэмыдэу фІыщІэшхуэ хуэфащэщ абы и унафэщІ Гуанэ Раисэ.

САБИЙ УНЭМ си пхъурылъху цІыкІур - Патеевэ Лиз э - зэрыщыІэрэ ильэсищым нэблигъащІ, а зэманым зы махуи кьэнакьым абы и лэжьакІуэхэм дащыхуэмыдаРэзы. Нобэрей ди гъащІэ гугъум апхуэдэу телыыджэу зи Іуэхуэхр зезыгъэкІуэф Іуэхущ Іапі Іэ зэрыщыІэжьыр сэ сфІэгъэщІэгъэнщ.

Псом хуэмыдэу кьыхэзгъэщыну сыхуейт Сабий унэр зэрыкъабзэр. Нэм кьиплъыхьыр, пэщхэм деж кьыщыщІэдзауэ щІантІэм деж щиухьжу, зэщІольдэ жьпІэкІэ ущыуэнукъым. Щылажьэ цІыхуэм я гугъу щІымэ, пхужьмыІэным хуэдизу цІыху щабэхэщ, зэхэщІыкІыщхуэ, гущІэгъу ин зиІэхэщ. Дэтхэнэ зыри и кьалэным пэрытщ сабий сыма-дкэхэр гулъытэ хэха зэрыхуэныкъуэр кьагурыІуэу, гуузэ-лыуэ абыхэм хуэІуэ.

Сымаджэхэм я узынщагъэм кІэльоплъ дохутыр Іэщ Іагъэлі зэмылІэужьыгъуэхэр. Физио-массаж, узынщагъэр езыгъэфІакІуэ процедурэ пэшхэр фІы дыдэу кьызэгъэпэщащ. Апхуэдэ дыдэщ я шхапІэри. ЩІэщыгъуэу сабийхэм зэрахуэпщэфІэным сытым дежи яужь итщ. Абыхэм махуэ кьэс ирагъэшх лыхэкІрэ гъэшхэкІрэ, пхъэщхьэмыщхьэхэмрэ хадэхэкІхэмрэ. ЖыпІэнурэмэ, Раисэ и унафэм щІэт дэжьакІуэхэр зым Іэпыхур адрейм кьищтэжу зэрызэхэхуэгъэщт тельыджэу сыт хуэдэ Іуэхуми щыпэлъэщыр. Си пхъэзкІи сипхъу Евгении кьыбгъэдэкІыу сыхуейщ Сабий унэм и лэжьакІуэхэм фІыщІэшхуэ яхуэсщІыну. Емызэщыжу я Іэнатіэм бгъэдэтхэм фІыгъуэу щыІэр кьалъысыну си гуапэщ.

ЛАМЫШЕВЭ Светланэ.

● Теплъэгъуэхэр



Бжьыхьэку. 2007 гъэ
Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ*

БАЗ

● Жыжьэ - гъунэгъу

Пщыбий Инал и тхылъ «Зэманым и джэрпэджэж» зыфІищам куэд итщ Чэлимэт Хьэжмар (Мэмей) теухуауэ, ауэ нобэ зи гугъу сщІыну Іуэхур зыщІыпІи кьыхэщыркъым. Ар зэпхауэ щытри ПащІэ Бэчмырэ и гъащІэм щыщ пычыгъэущи, мыкІуэдмэ нэхьыфІщ, абдзэм зэрыжиІащи: «УмысгъэтІылъ къэпщтэжкъым».

ЧЭЛИМЭТ Хьэжмар псори зэрредэжу щытар Мэмейщ. Мэмей махуэ кьэс сэ сльагъут, сыту жьпІэмэ абы и кьуэщІ нэхьыщІэ Хьэжет и кьуэ куэрыт Мэчрэ Ислрэ сэрэ нЫбжькІи дыдэныбжьт икІи дыдэныбжьэгъут. Зи гугъу сщІы Чэлимэт и Іьапсэм и хадапхэр ПащІэ Бэчмырэ и щІыпІэм хуэдизрэ, ПащІэхэрэ Чэлимэтхэрэ яку дэлъыр Жэмыжькьыуэт. Ноби Жэмыжькьыуэ зэры-Жэмыжькьыуэщ, ауэ япэм хуэдизу, псыпІэ кьыщІэжу, мэкьуалъэу, мэзу щытыжкъым, атІэ Нартаным я куэншыб идзыпІэщ, ди жагъуэ зэрыхъунщи...

Зауэ нэужьыр гугъутэкъэ фызабэм дежкІэ? Гьейт, тшхьи диГэтэкъым, шыпсырапэ зыгъэутым и насыпт, хуэнщІей хьэлу щыдмыгъуэтыр нэхьыбфэкт.

Мыпхуэдэ гуауэр фІыкъым унугу кьэкІыжыну, ауэ ари гъащІэм щыщщ.

Гъатхэ мазэгъуэ жэщт, Іурих-Іурилъхьэу. Ди МутІэ (жэм кьэпшыр) игъэзгъэжа нэужь, Локъан (си анэм) ищІа жэмыкуэмрэ белрэ кьищтэу сольагъу. Арати, сэри гьуСэ сещІри, си гугъу тщІы Чэлимэт Хьэжмар и щІантІэм дыдохь.

Пщыбий Инали етхыж Хьэжмар куэдым ядэІэпыкъуу зэрыщытар. Ди анэм жэщкІэрэ Хьэжмар и хадэр итІурэ нартыху гьэлъэлъа, куэдэ мыхъуми, кьритыну арат. Абы кьиКІрат: игъэтаджьэ хуэдэурэ лэжьапщІэ яритт, пщІэншэу кьыпхуащІэ. Щылажьэ зэрымыщІагъэр хьэкьыу зыхищІыкІырт, цІыхур имыгъэикІымэ нэхь кьищтэу арат.

Локъан и жэмыкуэр ГьукІэжьыем щыцІэрыІуэт. Сыту пщІэшхуэ яку дэлъа япэм адыгэхэм !!! Сытуи си насып абы щыщ сэ зэрысльэгъуар.

- Кьеблагъэ, Локъан, жэмыкуэр пщыгъупща си гугъати, - щыжиІэм: «Ди адэми фІэфІу щыта жэмыкуэр дауэ сщыгъупщэнт? - жиІащ ди анэм. Мэмей цІыху Іущ кьудейтэкъым, ар гьэсэныгъэшхуэ зыбгъэдэлът. Езыр щабэрыпсальэт, щІы щхьэфрэ згъэуэмэ, жьхуиІэу и лъэщІым теуэрм хуэсакъ хуэдэт.

- НтІэ, Локъан, уи гъэшри убагъуэ, уи унагъуэри убатэ, сэ ноби зи ныбжь кьыздэкІуатэ си ныбжьэгъужь уи адэм сэрэ баз дыгъэрыгъэпихьам и хьыбар бжесІэжьыщ...

Сэри бжэщхьэІум сытесщ. Мэмей и хьэрэхьуп жьакІэм сехьуапсэу... Апхуэдэу си анэ дэлъху ПащІэ Хьид жьакІэ дахэ тетт, и адэ Бэчмырэ ещхьыркъабзэу. Дуней ем ехьыкІу си хьэлащ и куэщІым ситІыгъхэрэ и хьэрхьуп жьакІэр си Іэгум щІэзгъэжу. АпшІондэхуи Хьид жиІэр зыт: «Ди Тхьэ, уэрэсабийуэ укьэнэжакІэ!» Хьэжмар и жьакІэм сыщІепльэри арагъэзт... Арати, Мэмей кьыкедгъэ:

- Бэчмырэ сэрэ зы махуэ гуэр ГупкІэпычым (Нартан кьуажэкІэм и гупэкІэ кьилъ щІыпІэ) деж кьуацэ-чыцэр кьидуду дыхэтт, хьарбызыщкъэ тщІыну. Ди сэмэгурабгъумкІэ Мыщхьыдждыпс ешІыгъушкІуэхьырт. (Мыбдеж жьзымыІэу хьунукъым Мыщхьыдж кьуэщІхуэм иращІар: кьалэм куэншыбу дэльыр абы дакІуэгъуэрэ згъэсеящ. ЩІы и ІэхуэкІэ Нартаным кьытепсыха щІэпхъаджамыщІэт, Бэчмырэ и щІыбыркІуэм фІэкІ. КъажьІэщ, кьакІуэрэ, мис иджы къосыпэ щыжьІэм кьэувыІэщ, и дамитІыр дригъэуейри,-итІ, мыр щоху щыжьІэ дыдэм, и блэгъукІэ зэхуакум «сыкъ» жиІэу ёжэгъэр дигъэуващ, кьыхсуеплъэкІыжри, - уи щынэ цІыкІур шхыпхъэ? - жиІэри кьызэупщІащ! Си щынэри шхыпхъэрэ мыщхыпхъэрэ щыпхьэщхьэм зэхигъэкІащ.

- Иджы Локъан, уи адэр баз кьыщІыспихьар сыту уи гугъэрэ? Езым зигъэнэхужу арат, зигъэунэхужу! Сэри иджы ныбжьыщхуэ сиІэщ, ауэ уи адэм хуэдэ цІыху набдзэгубдзаплъэ зэи сльэгъуакъым. НыбжькІэ куэдкІэ сэр нэхьрэ нэхьыжьми, езым сриныбжь хуэдэ, кьызэхэнджэщу гъащІэр зэтхэзащ, ныбдрыхэ хабзэ щыІэмэ, Тхьэм нэхьыфІыр кьыльлъгъэс.

Ди анэр псэуху а Чэлимэт Хьэжмар кьиІуэтэжа хьыбарэр (сищІыгъупщэжа кьыпфІэщІрэт?) жиІэжащ кьытригъэзэжурэ: «Ди Тхьэ, уи фІэщ зэрыхъун, сшот (счет) хьхуаІэмкІэ кьытекІуэн щымыІэу Іэзэт, абы и закъуэ, ди Тхьэ, вагъуэр уафэгъэ кьыщитІыцхьэну дакьикъэр ищІэтэжа, Ва- ГьуэбашІым зыщигъаэзри арат...»

Апхуэдэ хьыбар куэд щыІэщ Бэчмырэ теухуауэ. ПащІэ Бэчмырэ итхахэм щыщу нэхьыфІ дыдэу кьэнаРи Чэлимэт Хьэжмар кьиІуэтэжахэм, ди хэгъуэгум и мызакъуэу, гьунэгъу щІы нальэхэми щылажьэ театр хэм я «ІэдакъэщІэкІхэм» я нэхьыфІу кьалъытэ. Апхуэдэу Музыкэ театрым ерІэльагъуэ дунейпсо классикэм и фІыпІэу Верди Дж. и «Риголлетто», «Травиата», Чайковский П. и «Евгений Онегин», Рахманинов С. и «Алеко», Моло В. и «КъамбетрэЛацэрэ» оперэхэр, Легар Ф. и «Летучая мышь», Кальман И. и «Мистер Икс», Штраус И. и «Цыганский барон» опереттэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм хэтщ цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуэ уэрэджыкІалІуэ, артист цІэрыІуэхэр: УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэхэу Таукеновэ Галинэрэ Дау Марьянэрэ, КъБР-м и цІыхубэ артистхэ Бесчокъуэ Майе, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Наршаовэ Шахадат, КъБР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я артистхэ Шэрджэс Іэсият, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Хьупсокъэжэн Albэч, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу КъуийцІыкІу Валерэ, Мэрэшэнкъуэ Іэдэм, Дэбагъуэ Хьэсэн, Ташло Аиил, Батыр Мухьэдин, Сивцовэ Маринэ, Морозовэ Наталье, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ, Кьардэн Радик сымэ, нэгъуэщІхэри.

Кьыхэдгъэщынщ Музыкэ театрым и 40-нэ илъэс лэжьыгъэм и пэублэу мы маззм ди республикэм и цІыхуэхэр зэпплъыхьэрэ. Пщэдей ягъэлъэгъуэнущ Верди Джордано и «Травиатэ» оперэр. Москва къикІыу ди актерхэм ядэлэжьауэ щыта Ансимов Георгий игъэуза «И жизнь, и слезы, и любовь...» лэжьыгъэщхьэр утыкум кьрахьэнущ жэпуэгъуэм и 19-м. Ахэр щыщІидзэнур сыхьэт 19-рщ. Жэпуэгъуэм и 18-м, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м сабийхэм папщІэ ягъэлъэгъуэнущ

«Фабрика звезд в подводном царстве» жьыуІэр.

БЛИЙ Даянэ.

● Нобэ

Гъуазджэ телъыджэм и хъумакІуэ

Музыкэ театрым и 40-нэ илъэс лэжьыгъэр еублэ

1968 гъэм мазаем и 28-м Кавказ Ищхьэрэм щыяпэ дыдэу Налшык щыухуауэ щытащ Музыкэ театр. Мыхьэнэшхуэ зиІэ а Іуэхугъуэр кьызэрыхуэрэ а Іуэхущ Іапі эм и лэжьыгъэ щІэзгъэлъагъуэ. Щэнхабзэмрэ фІыуэ зылъагъуэхэр егъэгуфІэ. Нобэ Музыкэ театрым еублэ и 40-нэ илъэс лэжьыгъэр.

ГЪУАЗДЖЭМ и жанр нэхъ гугъу дыдэхэу опера, опереттэр, балетыр ди цІыхуэм ялъагъуныр я фІыщІэт а зэманым республикэм и къулыкъущІэу щытахэм. Псом хуэмыдэу фІыщІэшхуэ хуэфащэщ а зэманым щэнхабзэмкІэ министру лэжьаЕфэнды Джылахьэстэн, зи Іэщ Іагъэм хуэІэжьэ балетмейстер Проценко Александр, режиссер Шэрэфъжь Анатолэ, артист-уэрэджыІакІуэхэу Бэгъуэтыкъ Светланэ, Бэрэгъун Владимир, Жанатаев Джамал, Сибэч Хьэчим, Урыс Амир, Тауке-новэ Галинэ, Хьэжьуп Роэ, Архэст Хьэсэнбий, Кузнецов Юрий, Мэршэнкъул Іэдэм, Наршаовэ Шахадат, Куэт Кьанцобий, Ерчэн Ларисэ, Ахъуэдыу Сэлэмэт сымэ, нэгъуэщІхэм .

Нобэ театрым иІэщ репертуар кьулей. Абы щагъэува оперэхэмрэ опереттэхэмрэ, ди хэгъуэгум и мызакъуэу, гьунэгъу щІы нальэхэми щылажьэ театр хэм я «ІэдакъэщІэкІхэм» я нэхьыфІу кьалъытэ. Апхуэдэу Музыкэ театрым ерІэльагъуэ дунейпсо классикэм и фІыпІэу Верди Дж. и «Риголлетто», «Травиата», Чайковский П. и «Евгений Онегин», Рахманинов С. и «Алеко», Моло В. и «КъамбетрэЛацэрэ» оперэхэр, Легар Ф. и «Летучая мышь», Кальман И. и «Мистер Икс», Штраус И. и «Цыганский барон» опереттэхэр, нэгъуэщІхэри. Абыхэм хэтщ цІыхубэм фІыуэ ялъэгъуэ уэрэджыкІалІуэ, артист цІэрыІуэхэр: УФ-м щІыхь зиІэ и артистхэхэу Таукеновэ Галинэрэ Дау Марьянэрэ, КъБР-м и цІыхубэ артистхэ Бесчокъуэ Майе, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэ Наршаовэ Шахадат, КъБР-ми КъШР-ми щІыхь зиІэ я артистхэ Шэрджэс Іэсият, УФ-м щІыхь зиІэ и артист Хьупсокъэжэн Albэч, КъБР-м щІыхь зиІэ и артистхэу КъуийцІыкІу Валерэ, Мэрэшэнкъуэ Іэдэм, Дэбагъуэ Хьэсэн, Ташло Аиил, Батыр Мухьэдин, Сивцовэ Маринэ, Морозовэ Наталье, Мамбэт Мадинэ, Мэз Джульеттэ, Кьардэн Радик сымэ, нэгъуэщІхэри.

Кьыхэдгъэщынщ Музыкэ театрым и 40-нэ илъэс лэжьыгъэм и пэублэу мы маззм ди республикэм и цІыхуэхэр зэпплъыхьэрэ. Пщэдей ягъэлъэгъуэнущ Верди Джордано и «Травиатэ» оперэр. Москва къикІыу ди актерхэм ядэлэжьауэ щыта Ансимов Георгий игъэуза «И жизнь, и слезы, и любовь...» лэжьыгъэщхьэр утыкум кьрахьэнущ жэпуэгъуэм и 19-м. Ахэр щыщІидзэнур сыхьэт 19-рщ. Жэпуэгъуэм и 18-м, пщэдджыжьым сыхьэти 10-м сабийхэм папщІэ ягъэлъэгъуэнущ

«Фабрика звезд в подводном царстве» жьыуІэр.

БЛИЙ Даянэ.

● Псапэ

Сабий зеиншэхэм аргуэру яхуокІуэ

«Спартак-Налшыкым» и капитан Джудович Миодраг, гъуэшхьауэ Хесус Рикардэ, гъуэшхьэтет Кращенкэ Сергей сымэ иджыблагъэ щыІащ Бахьсэн районым щыІэ Кремончуг-Константиновскэ къуажэм дэт еджапІэ-интернатым. Цыхьэт ильэсым кьриубыдэу Налшык и футболистхэр иджы етІуанэ сабий зеиншэхэм яхуокІуэ. ХьэщІэхэм сабийхэм хуашащ щхьэжкІэпльыкІэу кьэзыгъэльагъуэ телевизор, DVD щыгъуу, Іэфыкіэхэр.

СЫХЬЭТИТІ нэблагъэкІэ екІуэкІа зэлущІэм футболистхэмрэ сабийхэмрэ зытепсэлъыхьын яГэуэтащ. Ахэр теухуат фІыуэ ялъагъу «Спартак-Налшыкым» и джэгуакІэм. Апхуэдэуи цІыкІуэр ирипІейтёр командэр нобэ зэрыхуа щытыкІэ гугъум кьикІыжа зэрыхъуным, премьер-лигэм кьыхэмыкІын щхьэкІэ хэкІыпІэу щыІэхэм.

ХьэщІэхэр кьыщежьэжьым, сабийхэм езыхэм яГэхэзэзыра хьэпшыпт цІыкІуфэкІуахэр тыгъэ кьыхуащІащ. Сабийхэр я гукъыдэжыр кьиІэтащ спортсмен цІэрыІуэхэм я гъусэу сурэт зэрызытрагъэхамэ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Щапхъэ

КІэмыргуей Бесльтэн

Щэхуакіуэр фІагъкІэ къыдахьэх

Апхуэдэу кьелыытэ КІэмыргуей Бесльтэн, Налшык дэт щІакъуэгъэжьапІэхэм ящыщ зыр зыІэщІэлъым. Псом дощыхуу абы игъэхьэзыр «щпаковскэ», «бородинскэ», «пшеничнэ», цІыхур зыхуэныкьуэ йодыр куэду зыхэдь «ржаной» жьыхуаІэ щІакъуэ дІэужьыгъуэхэр. ЩІакъуэ зэрагъажьэ щІыкІэмрэ лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщыкІэмрэ КІэмыргуейм иджыблагъэ щыгъуазэ дищІащ.

- МО ШЫУАНЫШХУЭ-ХЭМ иль хупщІынэ тэджар мыгуёзу щІакъуэ хьэзыр хьунущ. Ауэ абы унэсын папщІэ лэжьыгъэ зыбжанэ егъэкІуэкІын хуейщ... Хьэжьгъэр шыуанышхуэм иракІуТэ, пщагъэкІэ зэхащІэри, зэман пыухыкІакІэ агъэтэдж. ХупщІынэр тэджынкІэ ирикъуа нэужь, формэхэм ирелъхьэри, ягъажьэ. ЗыщІыпІэ деж зы тІэкІукІэ ущыщыуэмэ, щІакъуэр зэІыхьэнущ. Ауэ ди лэжьакІуэхэр Іуэхум хуэІэижьщи, ныкъусаныгъэ кьагъэхьурыкъым. ЩІакъуэр хьэкум ирамылъхьэ щІыкІэ Іэ еІуСэн хуейщ. ХупщІынэр хьэзыр хьуарэ» мыхьуарэ кьыззращэр апхуэдэущ. Зиупрэ зи псэрэ дэжьыгъэм етауэ лажьэ щІыхум нэхьрэ нэхьыфІу зы приборми кьыхуэщІынукъым ар.

ИтІанэ хупщІынэр Іыхьэ зэхуэдизурэ зратотым кьыпеч, адэкІэ конвейерым бгъэдэт лэжьакІуэхэм ахэр формэм иралъхьэ. Ди щІакъуэм кьэуат щІэлъу, фэ тету, санитар мардэхэми кьытІасэу зэрыщытыным дыжьщІокъу. Абы кьыдэкІуЕу, догугъу щІыхъэхэм нэхь ягу ирихь лІэужьыгъуэхэр нэхьыбфэ зэрыттщІынымі. Псальэм папщІэ, «бородинскэ» жьыхуэтІэр гуащІэ тІэкІу зыщІэлъ щІакъуэхэ Іэфщ. Мы лІэужьыгъуэр щыщІэрыІуэщ нэгъэущІ щІыналъэ гъунэгъуэхэми икІи абыхэм щІакъуэхэр яша. Ар яфІэфІу щаащ Кьэбэрдей-Балъкъэрми, Осетиеми, Дагъыстэнми, Шэшэнми.

Ди дэжьыгъэм апхуэдэ щыхтхъушхуэрэ щІэупщІэрэ зэрилэм дропагэ икІи дрогушхуэ. Ар зи фІыщІэр ди лэжьакІуэхэрщ, мастер Трубицынэ Наталье, щІакъуэгъажьэхэу Хэжь Наталье, Бэрокьуэ Іэдэм сымэ хуэдэхэрщ. Цыхуэ пщыкІубл догъэлажьэри, я улахуэкІи тхьэусыхэ яхэткІым: мазэ кьэс сом минитхум щегъэжьауэ минипщІым нэс ядо т.

Ди ехьулІэныгъэхэм ящыщу нэхьыщхьэр щэхуакІуэхэр кьыззэрытхуэзэрыщ, абыхэм ди щІакъуэр - ерыскьыуэ щыІэм я нэхьыщхьэр - я Іэнэм тельмэ нэхь кьыззращтэрщ.

Епсэльар
КЪАРДЭН Мухьэмэдщ.

● ГИБДД-м кьет

Тхьэмахуэ зэхуакум

Жэпуэгъуэм 8 - 15-хэм республикэм гъуэгу насыпышІагъэ 16 кьыщыхьуащ, абыхэм щІыкІуэ 24-м фэбжь хахащ.

♦ Жэпуэгъуэм и 12-м сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 30-м ильэс 37-рэ зи ныбжь хьэмидейдзыр ВАЗ-2107 автомашинэм дэсу Налшык и Къэбэрдей уэрамым здрикІуэм, Фурмановымрэ Къэбэрдеймрэ я зэхэкІыпІэм деж щажьэхэуащ светофорым кьиІэзыувыІащ цІыхуэ ГАЗ-33021, ВАЗ-21099, ВАЗ-2107 автомашинэхэм. Хабзэр къызэпызудам и машинэм иСар фэбжь игъэтащ сымаджэщым ящащ.

♦ Гъуэгу плъырхэм сэтей кьащІащ агрегатым тетын хуей номерхэр зэрахъэжІауэ е укъэмыджэфу автомашини 10.

♦ Тхьэмахуэ зэхуакум кьриубыдэу кьаГъэтащ кьалъыхьуэ къэрал регистрацэ дамыгъэу 1, зэратхам щыхьэт техьэу тхылъу 1, шофер тхылъу 6-рэ двигателым и номерымрэ.

♦ Жэпуэгъуэм и 12-м КъБР-м щыІэ МВД-м и ГИБДД-м и гъуэгу плъырым иубыдащ «Кавказ» федералъ гъуэгум аварие кьыщыхьэхуа ВАЗ-2107 автомашинэр зейр.

♦ Жэпуэгъуэм и 13-м Лэскэн муниципальэ районым и ОВД-м и гъуэгу плъырхэм яубыдащ гуфІэгъуэм нартыху тоин ныкъуэ кьыщыщІадзыгъуа, Осетие Ищхьэрэ Апхазиеми щыпсэу, ВАЗ-21061 автомашинэр зэзыгъаКІуэр.

ТКАЧЕНКЭ Ольгэ,
КъБР-м щыІэ МВД-м и УГИБДД-м и пресс-Іуэхущ Іапі эм и лэжьакІуэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкІэмыхьу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Жылаес Маритэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжькъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ХЭЩІАПІЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цІыкІ цыІэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщІанэ къатэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхуэхмкі - 42-22-86; кьуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмрэ Іуэхущ Іапі Іэхэм ядэлажьэнымкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щэнхъуэмкІэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ Іапі эм - 42-26-41; сурэттехьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъэмкІэ аэр зытехаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэныту щытыкъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынымрэ щІэ дальщ КъБР-м федералъ пошт зэныщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щыпхьэжауэ ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м

№Н-0065-м щІэту яГащ.

Зы ильэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

КъБР-м ЩІэнхабзэмрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкі и министерствэм 1905 гъэм щыІа Революцэм и цІэр зезыхь и политграфкомбинат. Налшык къ., Лениным и цІыкІ щыІэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы кьыдэжьыгъуэм елэжьахэщ: **жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ Дышэкі Соня, редактору Жылаес Замир, корректорэу Афэ Тамарэ *(2,4-нэ нап.)*, Пхытіыкі Юрэ *(1,3-нэ нап.)* корректорхэм я дэзэпыкьэгъэу Иуан Заирэ. *КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ:* Дол Маринэ, ГъукІэлі Рас, Щомахуэ Маринэ, *суратыщІ* Бицу Жанэ.**

Номеры "Адыгэ псалъэм" и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытрадзаг сыхьэт 21.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.045 ● Заказ №3015